

Medikaman pou Pran pou Pa Gen Malarya Pandan W ap Vwayaje Primaquine

Kisa primaquine ye?

Primaquine (ki rele fosfat primaquine tou) se yon medikaman kont malarya ki disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Li disponib an grenn baz 15mg (sèl 26.3mg).

Ou ta dwe konnen grenn baz 15mg se menm ak grenn sèl 26.3mg. Se senpleman de (2) fason diferan pou deki menm bagay la.

Primaquine gen twa (3) itilizasyon diferan. Doktè kapab preskri li sèlman pou prevansyon malarya pandan w ap vwayaje pou vwayaj kout nan zòn kote gen yon sèten kalite malarya (*P. vivax*) sitou (gade kat jewografik ki anba la a). Doktè kapab preskri li ansanm avèk yon medikaman pou prevansyon malarya apre ou retounen nan yon vwayaj ki dire anpil tan. Finalman, doktè kapab preskri li kòm pati yon melanj avèk yon lòt medikaman pou trete malarya.

Fèy enfòmasyon sa a bay enfòmasyon sou fason pou itilize medikaman an pou pa pran enfeksyon malarya lè ou nan vwayaj pou yon tan ki kout ak nan vwayaj pou yon tan ki long.

Kimoun ki kapab pran primaquine?

Doktè kapab preskri primaquine pou pifò adilt ak timoun tout laj.

Kimoun ki pa ta dwe pran primaquine?

Fanm ansent ak moun ki gen defisyans glikoz-6-fosfato dezidwojenaz (oswa G6PD) pa ta dwe pran primaquine.

Defisyans G6PD se yon twoub jenetik kèk moun ka pa konnen yo genyen. Moun ki gen twoub sa a pa ta dwe pran primaquine paske li kapab fè yo malad anpil epitou li kapab lakòz yo mouri nan kèk ka. Ou ta dwe fè yon senp tès san anvan ou pran medikaman sa a pou premye fwa pou asire ou pa gen twoub sa a. Manman k ap bay tibebe yo tete ta dwe teste tibebe yo tou pou asire tibebe yo pa gen twoub la anvan manman yo pran primaquine

Kijan mwen ta dwe pran primaquine?

Lè w ap pran primaquine pou prevansyon malarya sou yon vwayaj kout, adilt yo ak timoun yo ta dwe pran yon dòz primaquine pa jou apati yon jou oswa de (2) jou anvan yo vwayaje pou ale nan zòn kote moun ap transmèt malarya. Yo ta dwe pran yon dòz chak jou pandan yo nan zòn nan, epi pandan 7 jou youn-apre-lòt apre yo kite zòn nan.

Lè w ap pran primaquine ansanm avèk yon lòt medikaman pou prevansyon malarya apre ou retounen nan yon vwayaj ki te dire anpil tan, adilt yo ak timoun yo ta dwe pran yon dòz pa jou pandan 14 jou.

Dòz pa jou pou adilt yo se 30mg pa jou. Sonje se 2 grenn pou pran pa jou.

Doktè ou ta sipoze kalkile dòz kòrèk chak jou a pou pitit ou dapre gwosè timoun nan. Dòz timoun nan pa ta dwe depase dòz baz 30mg adilt la pa jou.

Toujou pran primaquine avèk lestomak ou plen.


Nan ki kote nan lemonn yo kapab itilize primaquine pou prevansyon malarya sou vwayajè yo?

Pou kounye a doktè rekòmande primaquine kòm youn nan medikaman kont malarya moun kapab pran pou vwayaj ki kout nan 12 peyi: Ajantin, Beliz, Bolivi, Kostarika, Ekwatè, Salvadò, Gwatemala, Ondiras, Meksik, Nikaragwa, Panama, ak Paragwe.

Moun kapab pran primaquine apre yo retounen nan vwayaj long nan pifò lòt peyi nan lemonn kote moun ap transmèt malarya.

CDC ap kontinye swiv tout kote nan lemonn moun ap transmèt malarya epi ki gen medikaman kont malarya ki rekòmande pou itilize nan chak kote. Ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo avèk plan ki sou sitwèb CDC pou malarya:

<http://www.cdc.gov/malaria/map/index.html>.



Primaquine

Malarya se yon maladi grav ki kapab lakòz lanmò si li pa trete touswit. Moun pran maladi a akòz yon parazit ki kapab enfekte yon sèten kalite moustik ki manje imen.

Chak ane, doktè dekouvri apeprè 1,700 ka malarya nan Etazini. Prèske tout ka sa yo se sou vwayajè ki ale nan kèk kote nan lemond ki gen moun ki gen malarya.

Ki kote mwen kapab achte primaquine?

Medikaman kont malarya yo disponib nan Etazini sou preskripsyon sèlman. Ou ta dwe jwenn medikaman yo nan yon famasi anvan ou vwayaje olye ou jwenn li nan peyi kote ou prale a. Gen risk si ou achte medikaman yo nan peyi etranje: medikaman yo kapab gen move kalite, yo kapab fo epitou yo kapab pa pwoteje ou kont malarya.

Èske primaquine ap reyaji avèk lòt medikaman mwen yo?

Kèk lòt medikaman kapab reyaji avèk primaquine epi yo lakòz ou gen pwoblèm. Doktè ou responsab pou evalye lòt medikaman w ap pran yo pou asire youn pa reyaji kont lòt epitou pou asire yo pa reyaji kont primaquine. Nan kèk ka, doktè ou kapab ajiste medikaman yo pou diminye reyaksyon yo nèt youn ak lòt. Ou kapab mande famasyon ou tou pou tcheke si medikaman yo ap reyaji youn ak lòt.

Ki efè segondè primaquine ka lakòz?

Efè segondè primaquine ki pi komen se kèplen ak doulè lestomak. Efè segondè sa yo kapab diminye souvan si ou pran primaquine avèk manje.

Moun ki gen twoub jenetik ki rele defisyans G6PD kapab gen lajònis grav, pipi nwa ak fèb emogram, epitou se rezon sa a ki fè yo pa ta dwe pran medikaman sa a.

Tout medikaman ka lakòz efè segondè. Efè segondè minè tankou kèplen, vomisman pafwa, oswa dyare anjeneral pa oblije ou sispann pran medikaman kont malarya. Si ou pa kapab tolere medikaman kont malarya, wè pwofesyonèl swen sante ou; gen lòt medikaman kont malarya ki disponib.

Lòt konsiderasyon

- Bon pou moun k ap pran desizyon pou vwayaje nan dènye minit epi ki konnen yo pa gen defisyans G6PD paske yo kòmanse pran medikaman an 1-2 jou anvan yo vwayaje pou ale nan yon zòn kote moun ap transmèt malarya.
- Òvèdòz medikaman kont malarya, tankou primaquine, kapab lakòz moun nan mouri. Ou ta dwe mete medikaman an nan respityan kote tibebe ak timoun p ap jwenn li.

Konbyen tan mwen kapab pran primaquine san risk?

CDC pa gen limit sou itilizasyon primaquine pou prevansyon malarya. Pa gen prèv domaj lè yon moun pran medikaman an pou peryòd tan ki long.



Pou jwenn plis enfòmasyon:

Tcheke sitwèb CDC pou malarya nan www.cdc.gov/malaria

Pwofesyonèl swen sante ki bezwen èd avèk dyagnostik oswa kontwòl ka malarya yo sispèk ta dwe rele Liy Enfòmasyon CDC pou Malarya: 770-488-7788 oswa 855-856-4713 gratis (Lendi-Vandredi, 9am-5pm, lè zòn lès).

Konsiltasyon pou ijans apre lè biwo fèmen, rele nimewo: 770-488-7100 epi mande pou pale avèk yon klinisyen Branch Malarya CDC.

Evite Pran Malarya

- Pran yon medikaman kont malarya.
- Pa kite moustik mòde ou.
- Si ou malad, chèche swen pwofesyonèl swen sante imedyatman.